



Sipò pou sante mantal ak byennèt elèv

Chè fanmi ak kòlèg,

Pou anpil moun, peryòd sa a nan ane a se yon epòk kè kontan, lajwa, ak fèt—men li kapab prezante tou difikilte reyèl pou sante mantal ak byennèt nou. Avèk sezon ivè a ki rive a, avèk jou ki pi kout ak tanperati ki pi frèt, kèk nan nou ka santi nou bezwen plis sipò pou nou pote nou pi byen.

Se youn nan rezon ki fè, nan Lekòl Leta NYC, nou kontinye bay byennèt mantal ak emosyonèl elèv nou yo priyorite. Men kèk resous enpòtan mwen ankouraje w pataje avèk jèn ki nan lavi w:

- [NYC Teenspace](#) se yon pwogram gratis ki konekte Nouyòkè ki gen laj 13-17 ane avèk sipò sante mantal vityèl terapè ki gen lisans bay, tout atravè yon platfòm sou entènèt ki an sekirite. Elèv ak fanmi ka aprann plis nan nyc.gov/teenspace.
- Prèske 400 nan lekòl nou yo gen aksè nan klinik sante mantal nan lekòl, ki ofri elèv tretman ak sèvis sante mantal klinik. Jwenn plis enfòmasyon sou klinik sa yo nan Videyo Atansyon espesyal Chanselye a, ak Videyo aktyalite nou an.
- Plizyè santèn lekòl asosye tou avèk òganizasyon kominotè ak/oswa sant sante nan lekòl ki bay sipò sante mantal. Pale avèk kowòdonatè paran lekòl ou a pou jwenn plis

enfòmasyon sou patenarya espesifik lekòl la ansanm ak sipò ki disponib nan men estaf lekòl la tankou konseye ak travayè sosyal.

- Epi pou Nouyòkè tout laj, [NYC 988](#) se yon resous sante mantal gratis, 24 sou 24, kote w ka kominike nan telefòn, tèks, oswa chat sou entènèt.

Ni nan sezon sa a ni pandan tout ane a, li esansyèl pou nou kenbe elèv nou yo an sekirite—sou plan fizik ak sou plan emosyonèl. Nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, angajman nou anvè sekirite ak byennèt elèv pa chanje.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Klinik sante mantal ki baze nan lekòl nou yo fonksyone an kolaborasyon avèk patnè kominotè atravè vil la, bay elèv nou yo sipò esansyèl. Gade Videyo aktyalite nou an pou yon apèsi an pwofondè sou youn nan klinik sa yo, nan Brooklyn International High School.

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Gade [The Morning Bell](#) pou yon apèsi sou [dat ak aktivite enpòtan pou mwa desanm lan](#).
- Pou jwenn nouvèl ak resous anplis, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).

- Pou dènve videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan, ale sou [paj YouTube Biwo Majistra a](#). Ou ka [anrejistre tou pou resevwa mizajou](#) ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).